

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Budaya mangrupa hasil kréativitas manusa. Nurutkeun M.A Salmun (1958:5) budaya téh mangrupa hasil budi manusa dina lingkungan hirup kumbuhna. Kitu deui kréativitas masarakat Sunda nu dihasilkeun ku prosés pamikiran nepi ka ngahasilkeun budaya Sunda.

Budaya Sunda téh kacida beungharna ku ajén-inajén nu nyampak dina wujudna. Kacida rugina upama éta ajén-inajén téh teu bisa katepikeun sagemblengna ka masarakat, lantaran masarakat Sunda nu geus teu bisa ngahargaan kana budaya karuhunna. Éta hal téh tangtuna ngabutuhkeun tarékah sangkan kabudayaan Sunda bisa tetep hirup di masarakat nepi ka ajén-inajénna bisa dipaké ku masarakat. Salasahiji tarékahna nya éta ku cara ngamumulé kana budaya Sunda.

Budaya Sunda dipangaruhan ku kaayaan jaman, ti mimiti jaman animisme, dinamisme, Hindu, Buda, jeung Islam. Jaman kiwari, budaya Sunda leuwih pageuh dipangaruhan ku Islam, sanajan aya ogé nu teu kapangaruhan.

Agama Islam asup ka tatar Sunda ngaliwatan sababaraha prosés. Masarakatna mimiti wanoh, resep, tur nepi ka prakna ngagem agama Islam. Sanggeus Islam asup ka tatar Sunda, masarakat mimiti tuhu jeung taat kana saré'at Islam, najan masih aya kénéh nu napak kana budaya karuhunna. Tapi éta hal mangrupa prosés *adaptasi* masarakat. Islam asup ka tatar Sunda téh

mangaruhan budaya Sunda, tina aturan nu patali jeung animisme, dinamisme, Hindu jeung Buda nu diganti ku aturan Islam, sanajan henteu sagemblengna robah.

Saifuddin dina Rosidi (1996:52) nétélakeun yén Sunda téh Islam, Islam téh Sunda. Manéhanana boga sawangan saperti kitu lantaran dina kahirupan urang Sunda, aya hal nu sarua jeung saré'at Islam. Urang Sunda miboga paribasa soméah hadé ka sémah nu hartina nalika kadatangan sémah atawa tamu, urang Sunda mah kacida ngabagéakeun, ti mimiti datang nu dipapag ku pribumi nu daréhdéh, nyuguhan sabisa-bisa, sarta balikna sok dianteurkeun nepi ka buruan imah. Éta hal téh saluyu jeung nu diajarkeun ku aturan Islam. Islam méré ajaran pikeun ngamulyakeun tamu, nu ceuk hadis kieu hartina: “Sing saha jalma nu iman ka Allah jeung poé ahir, mangka heug mulyakeun tamu.” (HR. Bukhari jeung Muslim)

Kabudayaan téh réa rupa-rupa cabangna. Cabang-cabangna téh nya éta basa, lambaga, agama, winaya, wiyasa, tatapradja, santika, undagi, perdata, raharja, sagara, husada, marga, darmaga, jeung tani (Salmun, 1957:7).

Salmun (1957:7) nétélakeun yén basa mangrupa parabot anu pangutama-utamana dina hirup kumbuh pikeun ngedalkeun pikiran jeung rasa. Ieu basa téh ébréhan babakuna ku lisan jeung tulisan.

Basa salaku medium pikeun ngahontal ajén-inajén éstétika (kaéndahan) dina sastra, boh sastra lisan atawa tulisan. Dina sastra lisan miboga unsur kaéndahan jeung ajén-inajén. Saupamana ieu sastra lisan téh bisa dipesék jeung diguar, mangka bakal kaciri kaéndahan anu nyampak, lain ngan saukur karasa éndahna,

tapi ogé ajén-inajén nu kalungguhanana leuwih jero jeung leuwih penting bakal bisa kapaluruh. Pangpangna mah nganyahoankeun ajén bebeneran anu nyampak dina éta karya sastra.

Karya sastra téh mangrupa hasil kréativitas pangarang anu bisa dijadikeun conto pikeun ngaguar hal-hal anu aya patalina atawa pakuat-pakaitna jeung kahirupan manusa, boh kahirupan dina mangsa baheula boh mangsa kiwari. Karya sastra anu ngandung ajén jeung amanat anu jolna tina kahirupan masarakat téh henteu torojogan dipidangkeun waé, hartina teu ujug-ujug ngajanggélék kitu, tapi diolah heula ngagunakeun kréativitas.

Karya sastra Sunda mangrupa hasil tina proses sambung-sinambung tina mangsa saméméhna. Ieu proses téh terus lumangsung saluyu jeung robahna kaayaan masarakat Sunda, ti mimiti alam dinamisme atawa animisme tepi ka mangsa ayeuna. Ku kituna, gelarna sastra di masarakat henteu bisa dipisah`keun tina ide dasar anu sakaligus mawa pangaruh kana kahirupanana, saperti ayana pangaruh animisme atawa dinamisme, Hindu, Buda, jeung pangaruh agama Islam. Éta pangaruh ahirna mekar jeung ngawarnaan kana karya sastra Sunda.

Ditilik tina wangunna, karya sastra Sunda kabagi tilu golongan nya éta prosa atawa wangun lancar, puisi atawa wangun ugeran, jeung (carita) drama. Dina puisi aya anu ngawujud carita jeung teu ngawujud carita. Puisi anu ngawujud carita nya éta pantun jeung wawacan. Nu teu ngawujud carita di antarana mantra (jangjawokan, singlar, jampé, asihan), sisindiran (rarakitan, paparikan, wawangsalan), kakawihan, sa'ir (pupujian, sawér), jeung pupuh (dangding, guguritan). Aya ogé puisi anyar nya éta sajak.

Dina masarakat Sunda, nu disebut pupujian téh mangrupa carita dina wangun karangan ugeran anu gelarna sabada asupna pangaruh Islam ka tatar Sunda bari mawa pangaruhna. Asupna éta pangaruh téh ngaliwatan sababaraha proses, henteu langsung kitu baé datang ka tatar Sunda, tapi leuwih ti heula anjog ka tempat-tempat séjén. Pupujian téh sumebar sacara lisan. Biasana ayana pupujian di lingkungan pasantrén, masigit, jeung madrasah. Pupujian anu di masigit bisana dibaca atawa dinadomkeun dina waktu anu tangtu, upamana baé antara adan jeung komat, sedengkeun ari anu di pasantrén atawa madrasah mah pupujian téh dinadomkeun dina waktu nepikeun pangajaran.

Dina enas-enasna, pupujian mangrupa bagian tina sastra Sunda anu kudu dimumulé jeung dipiara sangkan tetep bisa lumangsung, henteu kapangaruhan ku nu séjén. Pupujian téh mangrupa titinggal Ki Sunda anu luhur ajénna. Tarékah pikeun ngamumulé budaya Sunda pangpangna anu mangrupa pupujian di Kampung Manis, Désa Haurkuning, Kecamatan Nusahérang, Kabupatén Kuningan nya éta ku cara ditalungtik.

Pupujian nu aya di Kampung Manis, Désa Haurkuning, Kecamatan Nusahérang, Kabupatén Kuningan, kacida merenah upama dipaluruh sakaligus dianalisis sarta méré pangajén kana kalumangsunganana, sabab pupujian téh mangrupa salasihiji budaya titinggal karuhun Sunda anu luhur ajénna. Salian ti mangrupa budaya Sunda, pupujian téh euyeub pisan ku bahan lenyepaneun nu patali jeung kahirupan manusa nalika silih élingan.

Dina SKKD basa Sunda kelas tujuh, aya kompetensi dasar Ngaregepekun Maca Pupujian. Upama dipatalikeun ieu panalungtikan jeung SKKD basa Sunda

kelas tujuh, tangtuna raket patalina. Hartina, pupujian anu ditalungtik bisa dijadikeun bahan pangajaran keur di SMP kelas tujuh.

Dumasar kana éta hal, ieu panalungtikan dipuseurkeun kana puisi pupujian. Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijudulan “*Pupujian di Kampung Manis Désa Haurkuning Kecamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan pikeun Bahan Pangajaran Ngaregepkeun di SMP*”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, karya sastra Sunda téh kacida réana jeung jembarna. Pupujian minangka salah sahiji bagian tina karya sastra perlu pisan ditalungtik. Sangkan ieu panalungtikan bisa museur, masalahna kudu diwatesanan, nya éta ngeunaan analisis wangun (jumlah pada, jumlah padalisan, jeung jumlah engang), eusi, harti (harti saujurtna, rasa, nada jeung i'tikad), purwakanti, fungsi, jeung basa pupujian di Kampung Manis, Désa Haurkuning, Kecamatan Nusahérang, Kabupatén Kuningan.

1.2.2 Rumusan masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya:

- a. Pupujian naon waé nu kapanggih di Kampung Manis Désa Haurkuning Kecamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan?

- b. Kumaha wangun pupujian (jumlah pada, jumlah padalisan, jumlah engang, purwakanti, jeung basa) di Kampung Manis Désa Haurkuning Kecamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan?
- c. Kumaha eusi pupujian anu aya di Kampung Manis Désa Haurkuning Kecamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan?
- d. Kumaha harti pupujian (harti saujuratna, rasa, nada jeung itikad) anu aya di Kampung Manis Désa Haurkuning Kecamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan?
- e. Kumaha fungsi pupujian nu aya di Kampung Manis Désa Haurkuning Kecamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan?
- f. Kumaha wangun bahan pangajaran pupujian di Kampung Manis dina aspék kaparigelan ngaregepkeun di SMP?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Unggal kagiatan panalungtikan miboga tujuan nu jadi udagan bisa kahontal.

Tujuan dina ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun:

- a. Pupujian nu kapanggih di Kampung Manis Désa Haurkuning Kecamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan?
- b. Wangun pupujian (jumlah pada, jumlah padalisan, jumlah engang, purwakanti, jeung basa) di Kampung Manis Désa Haurkuning Kecamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan;
- c. Eusi pupujian anu aya di Kampung Manis Désa Haurkuning Kecamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan;

- d. Harti pupujian (harti saujratna, rasa, nada jeung itikad) anu aya di Kampung Manis Désa Haurkuning Kecamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan;
- e. Fungsi pupujian nu aya di Kampung Manis Désa Haurkuning Kecamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan;
- f. Nyieun wangun bahan pangajaran pupujian di Kampung Manis Désa Haurkuning Kecamatan Nusahérang Kabupatén Kuningan dina aspék kaparigelan ngaregepkeun di SMP.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep aya mangpaatna, nya éta:

- 1) Pikeun siswa, bisa nyaho kana pupujian nu aya diwewengkonna sorangan, upama diajar pupujian di sakola;
- 2) Pikeun guru, bisa dijadikeun bahan pangajaran pupujian di sakola SMP;
- 3) Pikeun nu nalungtik, bisa mikawanoh sarta nambahan pangaweruh ngeunaan pupujian nu aya di wewengkon sorangan; jeung
- 4) Pikeun masarakat, bisa dijadikeun bahan sumber bacaan jeung référénsi nu aya patalina jeung karya sastra Sunda.

1.5 Wangenan Operasional

Wangenan operasional atawa kecap-kecap anu dipaké dina judul panalungtikan nya éta:

- 1) Kecap pupujian mangrupa hasil tina prosés rajékan dwipurwa binarung rarangkén. Kecap puji + (Rdp) –an, jadi pupujian hartina mangrupa-rupa puji.
- 2) Pupujian asal kecapna tina puji, hartina ngedalkeun kecap-kecap anu nuduhkeun kahadéan atawa kapunjulan. Dina kasustraan pupujian ngabogaan harti nya éta puisi tradisional anu eusina muji-muji kaagungan Pangéran, solawat ka Kanjeng Nabi jeung pépéling atawa umajak ngajalankeun ibadah (salat, puasa, jsté.) (Iskandarwasid, 1992: 116).

1.6 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nya éta sagala bebeneran, ngeunaan tiori atawa pamanggih anu dijadikeun tatapakan dina panalungtikan. Sagala bebeneran, tiori, jeung pamanggih anu dijadikeun cecekelan teu dipaséalkeun deui bener atawa salahna.

Dumasar kana éta hal, anggapan dasar anu aya dina panalungtikan saperti kieu:

- 1) Pupujian mangrupa karya sastra Sunda anu masih kénéh dipaké ku masarakat;
- 2) Pupujian mangrupa karya sastra buhun hasil tina pangaruh Islam;
- 3) Pangajaran ngaregepkeun mangrupa bagian tina opat aspék kaparigelan basa; jeung

Bahan pangajaran pupujian bisa ditepikeun ka siswa ngaliwatan kaparigelan ngaregepkeun.